



## **BAB V**

### **KACIDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat. Déskripsina ngawengku ringkésan carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, ajén kaagamaan nu nyampak dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, unsur struktural (fakta carita, téma, jeung sarana carita) nu nyampak dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, sarta unsur semiotik (ikon, indéks, jeung simbol) nu nyampak dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat.

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Téhnik nu dipaké nyaéta talaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Datana nyaéta ajén kaagamaan (aqidah, ahlak, jeung fiqih), unsur struktural (fakta carita, téma, jeung sarana carita) dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat, sarta unsur semiotik (ikon, indéks, simbol) dina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat.

Dumasar kana analisis bisa dicindekkeun yén data ajén kaagamaan nu nyampak dina ieu carita pantun téh nyaéta fiqih nu mangrupa prosés asup Islam ku cara ngucapkeun dua kalimah syahadat, ngaleupaskeun dirina tina ajaran agama séjén salian ti agama Islam. Ieu carita miboga téma kaagamaan, hiji tokoh utama nyaéta Raden Pamanah Rasa nu pindah ka agama Islam. Galur nu dipaké ku pangarang nyaéta mérélé atawa galur konvensional lantaran runtuyan kajadian dimimitian ku bubuka (ngawanohkeun situasi, munculna konflik), tengah carita (konflik nu beuki naék, klimaks), jeung pamungkas carita (ngaréngsékeun pasualan nu aya). Tokoh dina ieu carita pantun téh aya tujuh nu ngawengku dua palaku utama nyaéta Raden Pamanah Rasa jeung Nyimas Kubang Kancana, sarta lima tokoh tambahan nyaéta Prabu Déwa Niskala, Nyimas Déwi Ratna, Paman Patih atawa Mamang Léngsér, Ki Gédéng Tapa, Syekh Quro, jeung Nyimas Dewi Mantria.

Latar dina ieu carita aya salapan latar tempat jeung lima latar waktu. Dina nyaritakeun puseur sawangan juru pantun mindeng ngagunakeun gaya basa ngupamakeun sarta ngagunakeun puseur sawangan jalma kahiji. Salian ti unsur struktural, nu dianalisis téh nyaéta unsur semiotik tina sasajén carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat. Dumasar hasil analisis unsur semiotik nu nyampak dina sasajén nyaéta 1 ikon, 1 indéks, jeung 25 simbol.

## **5.2 Implikasi**

Hasil tina ieu panalungtikan, pikeun masarakat umum dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan carita pantun jeung kasenian carita pantun nu aya di tatar Sunda, salasahijina kasenian carita pantun pintonan juru pantun Ayi Ruhyat nu aya di daérah Kabupatén Subang. Ieu panalungtikan ogé medar ngeunaan ajén kaagamaan, unsur struktural, jeung semiotik dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan juru pantun Ayi Ruhyat nu miboga udagan pikeun méré pangaweruh ka masarakat ngeunaan ma'na nu nyampak dina carita pantun Raden Pamanah Rasa pintonan Ayi Ruhyat.

## **5.4 Rékoméndasi**

Dumasar hasil panalungtikan, masih kénéh loba kahéngkeran jeung aya pasualan-pasualan ngeunaan carita pantun nu can kaguar ku panalungtik. Ku kituna, dipiharep pikeun ngaronjatkeun hasil panalungtikan sarta ngaguar pasualan-pasualan nu can kungsi kaguar. Pikeun panalungtikan satuluyna, ieu panalungtikan ukur museur kana ajén kaagamaan, unsur struktural, jeung semiotik. Ku kituna, dipiharep aya panalungtik nu ngaguar ngeunaan ajén kabudayaan, ajén moral, ajén atikan, jsb. Pikeun masarakat umum, dipiharep bisa mikaresep kana carita pantun jeung kasenian carita pantun sangkan tuluy mekar jeung bisa dipikawanoh. Ku kituna, salaku urang Sunda kudu reueus kana budaya sorangan, ulah éra dina ngajaga, ngamekarkeun jeung ngawariskeun budaya Sunda, kudu silih rojong sangkan teu tumpur ku mekarna jaman.

Lifha Saufa Ainun Permana, 2022

*AJÉN KAAGAMAAN DINA CARITA PANTUN RADEN PAMANAH RASA PINTONAN JURU PANTUN AYI  
RUHYAT (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG SEMIOTIK)*

Universitas Pendidikan Indonesia Repository.upi.edu perpustakaan.upi.edu

